NEW YORK STATE | Office for People With Developmental Disabilities

KATHY HOCHUL
Gouvènè

WILLOW BAER
Komisè

Chè Direktè Edikasyon Espesyal ak/oswa Prezidan Komite Edikasyon Espesyal (CSE):

Lekòl Eta Nouyòk yo ofri anpil sipò ak sèvis a elèv ki gen andikap devlòpmantal, tankou ede jèn adilt yo ak fanmi yo planifye avni yo. Biwo pou Moun ki gen Andikap Devlòpmantal (Office for People With Developmental Disabilities, OPWDD) Eta Nouyòk la disponib pou ede w pandan w ap akonpaye jèn adilt yo ak fanmi yo pou pran desizyon enpòtan konsènan avni yo.

Objektif komen nou, se asire n lè elèv yo gen yon diplòm Regents oswa yon diplòm lokal, oswa lè aksè yo a yon edikasyon piblik gratis apwopriye fini, yo pare pou entegre sèvis pou adilt ki pi byen reponn ak bezwen yo.

OPWDD se ajans prensipal eta a ki responsab pou bay sipò ak sèvis pou moun ki gen andikap devlòpmantal ki reponn ak kritè elijibilite nou yo. OPWDD ka bay sipò ak sèvis pou elèv yo ak fanmi yo pandan elèv yo toujou lekòl la, pou ede yo gen plis siksè, epi pou fasilite tranzisyon yo rive nan laj adilt. Sèvis yo ka gen ladan yo sipò lakay ak nan kominote a, ansanm ak fòmasyon ak sipò pou travay.

Pou sèvis OPWDD yo disponib lè elèv yo fini pwogram edikasyon yo, **elèv yo ak fanmi yo dwe kontakte OPWDD epi mande sèvis yo**. Ou ka ede lè w ankouraje fanmi yo kòmanse pwosesis pou detèmine elijibilite yo pou sèvis OPWDD yo, epi pou planifye sèvis yo davans. Asire w elèv yo ak fanmi yo konnen yo ka kontakte OPWDD nenpòt ki lè pou aprann plis sou sipò ak sèvis yo.

Si elèv la gen kenz ane oswa plis, yo ankouraje fanmi yo kòmanse pwosesis tranzisyon an pi vit posib. Jan ou konnen sa, règleman Depatman Edikasyon Eta Nouyòk (New York State Education Department, NYSED) yo egzije pou pwosesis planifikasyon tranzisyon an kòmanse depi timoun nan gen 15 ane. Planifikasyon tranzisyon avèk OPWDD dwe kòmanse omwen twa ane anvan elèv la fini pwogram edikatif li, pou tranzisyon sèvis yo soti nan lekòl pou ale nan lavi adilt fèt pi fasil ke posib.

Lèt ak bwochi ki atache ansanm yo pou elèv ki gen andikap devlòpmantal ak fanmi yo bay enfòmasyon itil sou sèvis nou yo ak pwosesis planifikasyon tranzisyon an. Tanpri, pataje yo ak elèv ki gen 15 a 21 ane ou panse ki ka elijib pou sèvis OPWDD yo, ansanm ak paran/responsab legal yo, ak pwofesè yo. Tanpri, ankouraje yo pou yo kontakte Sèvis Akèy OPWDD yo nan **866-946-9733,** epi gade Videyo sou yo nan https://opwdd.ny.gov/get-started pou aprann plis sou kritè elijibilite OPWDD yo ak sèvis yo. Elèv ki deja gen elijibilite OPWDD yo, epi ki konekte ak yon Òganizasyon Kowòdinasyon Swen (Care Coordination Organization, CCO) dwe kontakte Manadjè Swen yo pou ede yo fè demann sèvis pou adilt.

Pou OPWDD ak lekòl la kapab travay ansanm, lekòl yo dwe gen paran oswa responsab legal ki enterese bay pèmisyon pou lekòl la pataje dosye edikatif ak medikal elèv la avèk OPWDD, oswa pou enfòme OPWDD sou elèv ki ka elijib pou sèvis li yo, pou yo ranpli yon fòm Konsantman pou Divilgasyon Enfòmasyon (ki anekse a).

Tanpri, sonje distri lekòl lokal yo dwe fè OPWDD konnen si gen yon elèv nan distri yo a ki ka elijib pou sèvis OPWDD, epi ki plase nan yon lekòl rezidansyèl. Voye notifikasyon sa a pa imèl bay residential.school@opwdd.ny.gov. OPWDD angaje l pou ede elèv yo fè tranzisyon avèk siksè soti nan plasman edikatif rezidansyèl yo pou ale nan sèvis adilt OPWDD yo. Kowòdonatè Tranzisyon Lekòl Rezidansyèl (Residential School Transition Coordinators, RSTC) yo ede elèv yo ak fanmi yo nan pwosesis sa a, men yon planifikasyon davans se kle pou reyisi.

Si ou gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte Kowòdonatè Tranzisyon Lekòl Lokal la nan Biwo Rejyonal OPWDD ou a lè w rele nan **866-946-9733** oswa lè w voye yon imèl bay info@opwdd.ny.gov. Pou kesyon jeneral ki gen rapò ak tranzisyon lekòl, tanpri voye yon imèl bay student.transition@opwdd.ny.gov.

Sensèman,

Fechner Stecker
Direktè Inite Transizyon Kominotè

kopi konfòm:
D. Regan
E. Wright
Direktè Biwo Rejyonal OPWDD
Kowòdonatè Tranzisyon Lekòl Lokal OPWDD
Kowòdonatè Tranzisyon Lekòl Rezidansyèl OPWDD

Nan anèks la: Lèt Pou Paran/Responsab Legal sou Tranzisyon Lekòl Lokal
Bwochi 006 sou Tranzisyon Lekòl pou fanmi yo
Lis Kontak Kowòdonatè Tranzisyon Lekòl Lokal yo
Lis Kontak Kowòdonatè Tranzisyon Lekòl Rezidansyèl yo
Fòm Konsantman

Revize 01/22/2026